# QARAQALPAQ XALQINIŃ BESIK JIRI HÁM TISAW KESER SALT-DÁSTÚRLERI

**Yusupov Qudrat**
*Ózbekstan ma’mleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filiali*
*Social-gumanitar pa’nler kafedrasi assistent-oqıtıwshısı*
**Seytmuratova Áygúl**
*«Folklor hám etnografiya» qa’nigeligi 2-kurs studenti*

**Annotatsiya:** *Bul maqalada qaraqalpaq xalqınıń awızeki dástúri hám etnopedagogik miyraslarında bólek orın tutatuǵın eki zárúrli mádeniy-folkloriy hádiyse – besik jırı hám tısaw keser dástúri analiz etiledi. Bul máresimler xalıqtıń balaǵa salıstırǵanda bolǵan itibarı, mehir-muhabbatı, ruwxıy-etikalıq qádiriyatları hám tárbiyalıq principlerını ańlatatuǵın kúshli qurallardan biri bolıp tabıladı. Besik jırı qaraqalpaq analarınıń balanı tınıshlandırıp uyqlatıw hámde unamlı sezimler arqalı tárbiyalawǵa baǵdarlanǵan kúshli poetik formaları bolıp, xalıq estetikasi hám etikalıq dúnyaǵa kóz qarasınıń bir belgisi bolıp tabıladı. Tısaw keser bolsa balanıń dáslepki júriwine arnalǵan dástúr bolıp, ol arqalı bala jámiyetke tanıstırıladı, onıń turmıs jolına iygilikli tilekler tilenedi. Bul úrp-ádetlerdiń qáliplesiwi, funksional wazıypaları hám házirgi zamandegi áhmiyeti maqalada folklor, psixologiya, mádeniyat hám etnopedagogika kóz qarasınan tereń úyreniledi.*

**Tayanısh sózler:** *Qaraqalpaq xalıq folklori, besik jırı, tısaw keser, etnopedagogika, tárbiyalıq dástúrler, ózbek xalıq dástúrleri, balalar folklori, ruwxıy tárbiya, awızeki dóretiwshilik.*

Besik jırı – qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń belgili bir túri bolıp esaplanadı. Bir tiptegi qosıqlar xalıq tili menen aytqanda «háyiw» delinedi. «Háyiw» di kóbinese hayal-qızlar aytadı. Al burıngı ǵarrılar aqlıqların aldına alıp násiyat, terme qosıqların aytıp, balanı jubatqan, bunı «háyyiw aytıw» dep ataydı.[1]

«Háyiw» qosıqları kishkene bóbekti jubatıw ushın aytıladı. Besik jırında balanıń er jetiwi, úyleniw toyların ótkeriw, er bolsa yaki qızdıń jaqsı adam bolıp ósiwi ana armanı menen qosa súwretlenedi.

Besik jırı bala tárbiyasına júdá úlken áhmiyeti bar. Bunda analar óz balasına quwanishi menen súyiniwin poetikalıq sóz arqalı jır aytıp jubatadı. Besik bul bala jatatuğın orın bolganlıqtan ata-babalarımız onı qadirlep, joqarı jerge betin jawıp qásterlep alıp qoygan.

Besik jırı bala tuwilgannan baslap, óz ayaǵınan júrip ketkenge shekem balaga. Arnap aytılatuǵın qosıq. Orta Azıyanıń ataqlı ilimpazı Abiw Ali Ibn Sino óziniń «Kanon vrachebniy nauki» degen miynetinde «Bala tilegin qanaatlandırıw hám rawajlandırıw ushın ogan eki nárseni qollanıw kerek: Birinshiden, balam áste gana terbetiw, ekinshiden, uyıqlatıw ushın dástúrge aylanıp ketken nama háyyiw aytıw. Sol ekewin

1

qabıl etiw muǵdarına qarap, balanın denesi menen dene tárbiyası hám ruwxı menen muzikaǵa bolgan qábiletin payda etedi» dep aytqan. Demek besik jırları Abiw Ali Ibn Sino jasagan dáwirde de ómir súrgenliginin guwası bolamız. Besik jırı qurgaq sóz benen emes jaǵımlı nama ırǵaǵına salıp aytıldı. Bul namada ana óz perzentine degen súyispenshiligin, tilek-maqsetlerin, arzıw-armanların namaǵa salıp jırlaydı.[2]

N.Dáwqaraev bul qosıqlar haqqında mınaday pikirler aytqan: «Eń aldı menen analar balasınıń keleshegin joybarlaǵan. Balanıń úlkeygende kimdey bolıwı kerekligin, onıń ne islewi kerekligin, balanıń úyleniwinde aldında turǵan wazıypaların aytıp, náresteni sol wazıypalarǵa biyimlep tárbiyalawǵa tırısqan. Háyiwde qosıqtıń mazmunıda usı maqsetke ılayıq bolǵan». Mısalı:

Háyiw, háyiw qaraǵım-ay,
Aynalayın shıraǵım-ay,
Jurt súymese, súymesin-ay,
Ózimnin súygen appaǵım-ay,
Háyiw- háyiw haydası-ay,
Qashan tiyer paydası-ay,
Oqıp adam bolǵan son,-ay,
Sonda tiyer paydası-ay,
Aynanayın appaǵım-ay,
Qızlar súygen qalpaǵım-ay,
Qatarıńnan kem bolmay-ay,
Ashılǵay balam baxtın-ay.

Besik jırı yaki háyyiw qosıqlarının ózine tán kórkemlik ózgeshelikleri bar. Olardıń buwın birligi kópshilik jaǵdayda saqlanǵan menen geyde saqlanbay da qalıwı múmkin. Sonday-aq uyqas keletuǵın bolsa, geyde barlıq qatarlar uyqasıp keledi, geyde eki qatarda uyqasıp keliwi múmkin. Kópshilik uyqasatuǵın sońǵı sózdiń keyninde «ay» dıń qosılıp aytılıwı ushırasadı. Mısalı: «appaǵım-ay», «qalpaǵım-ay», «qaraǵım-ay» h.t.b. Sonıń menen birge besik jırında kóplegen súwretlew quralların da ushıratamız.

Burınǵı xalqımızdıń dástúrine qaraganda, bala tuwılǵannan keyin úy biykesi balasın besikke bólew ushım qońsı-qobaların úyine shaqırǵan. Besikke bólerde epshillirek bir jası úlken kempir balanı duzlı suwǵa shomıldıradı hám usınnan baslap qırıq kúnge shekem dawam etedi. Balanı besikke jatqarmastan aldın dastıqtıń astına piyaz, burısh, pıshaq, nan hám ayna qoyǵan. Dushpanına piyazday, burıshtay ashshı bolsın, pishaqtay ótkir bolsin dese, ayaq tamanına ayna qoyıp, aynaday ómiri jarqın, júzi ashıq, aynaday sulıw bolsın, nan basında tursın, nanday ullı bolsın dep qosıq aytatuǵın bolgan. Keyin kempir onıń keleshekte xalqımızdıń hadal perzenti bolıwına tilekleslik bildirip pátiya berip juwmaqlaǵan.[3]

Tısaw keser – qaraqalpaq xalqiniń dástúriy úrp-ádetleri qatarına kiretuǵın, balanıń dáslepki júriwine arnalǵan áyyemgi dástúr esaplanadı.

[2] 1.S.Qazaqbaev «Qaraqalpaq salt-dástúr jırları», Nókis «Qaraqalpaqstan» baspası 2012.4-5 bet
[3] 2.Ayımbetov Q «Xalıq danalıǵı», Nókis «Qaraqalpaqstan» baspası 1988. 492-bet

Tısaw keser qaraqalpaq xalıq awızeki dástúrlerinede balanıń dáslepki qádem taslaw dástúri retinde bayramlanadı. Bul dástúrde balanıń ayaqlarına aq sabaq (yamasa shúberek) baylap qoyıladı hám dástúr qatnasıwshıları arasından saylanǵan hayal yamasa er adam bul jipti tilek aytıp kesedi. Bul úrp-ádet balaǵa turmıs jolında tuwri júriw, saw bolıw, jaqsı ónip-ósiw hám baxıtlı jasaw tilekleri menen ótkeriledi.

“Tısaw” – qaraqalpaq tilinde “baw” yamasa “baylam” degen mánisti ańlatadı, “keser” bolsa “kesiw” degeni. Yaǵnıy, “tısaw keser” sóz mánisi “bawdı kesiw” degen mániste keledi. Dástúr atı ózinde ramziy mánisti – bala ushın ashılıp atırǵan ǵárezsiz turmıs jolınıń baslanıwın ańlatadı.[4]

Dástúrdiń ótkeriliwi:

- Bala dáslepki márte ǵárezsiz júriwdi baslaǵanda (ádetde 10 -12 aylıǵında) dástúr shólkemlestiriledi.
- Bala ayaqlarına aq sabaq, geyde qara hám aq reńli sabaqlar (jaqsı-jamanlıq tımsalı retinde) baylanısadı.
- Ádetde aqsaqallar yamasa ónip-ósken hayallar jipti kesiw húrmetine erisedi.
- Jipti kesgan adam balaǵa sıylıq beredi .

Zamanagóy qaraqalpaq shańaraqlarında tısaw keser dástúri kóbinese saqlanıp qalǵan. Eger ayırım detallar zaman talapları menen ózgergen bolsada, bul dástúrdiń tiykarǵı maqseti – balaǵa miyrim kórsetiw jáne onı jámiyetke qádem bastırıw – elege shekemge shekem saqlanıp qalǵan. Dástúr tekǵana balanıń fizikalıq rawajlanıwın bayramlap qalmay, bálki onıń psixik hám ruwxıy rawajlanıwın da aytıp otedi. Búgingi kúnde tısaw keser dástúri dástúriy formada saqlanıp qalǵan bolsada, ayırım ózgerislerge dus kelgen.

Zamanagóy qaraqalpaq shańaraqlarında tısaw keser dástúri kóbinese tuwılishdan keyingi qısqa waqıt ishinde ótkeriledi. Kóbinese, dástúr aldıngı sıyaqlı shańaraq aǵzaları hám jaqınlar arasında ótkerilip, balaǵa iygilikli tilekler aytıladı, oǵan sıylıqlar beriledi.

Búgingi kúnde tısaw keser dástúri ayırım social hám mádeniy ózgerisler nátiyjesinde azmaz ózgerip ketken. Mısalı, ayırım shańaraqlar dástúrdi úlken toy formasında ótkeredi, bul bolsa dástúriy bayramdı jáne de keńeytiredi. Taǵı bir tárepden, dástúrdiń ramziy hám diniy áhmiyeti aldıngı sıyaqlı saqlanıp qalǵan bolsada, oǵan qosımsha retinde jańa ritual hám usıllar qosılıp atır.

Sonıń menen birge, tısaw keser dástúri zamanagóy mádeniyat hám texnologiyalar tásirinde, ayırım jaǵdaylarda, internette janlı efirlar arqalı ótkeriliwine de dus kelinip atır. Bul bolsa dástúriy dástúrlerdi saqlap qalıwda jańa múmkinshiliklerdi jaratadı, biraq olardıń tereń ruwxıy hám mádeniy mánisin joytpawına háreket etiledi.

Solay etip, tısaw keser dástúri búgingi kúnde de óziniń mádeniy hám tárbiyalıq áhmiyetin saqlap qalǵan bolıp, onı ótkeriw forması hám usılları zaman menen birge rawajlanıp atır. Bul dástúriy dástúrlerdiń socialliq ómirdegi ornı, atap aytqanda, jetkinshekke ruwxıy hám etikalıq tásir kórsetiwdegi roli joqarı bolıp tabıladı.

---

[4] 4.MaqsetovQ. Tájimuratov Á. Qaraqalpaq folklorı. Nókis «Qaraqalpaqstan» baspası, 1979. 82-bet

Juwmaqlaw

Qaraqalpaq xalqiniń besik háyyiwi hám tisaw keser dástúri xalıq mádeniyatınıń ajıralmaytuǵın bólimlerinen bolıp, olar tekǵana xalıqtıń tárbiyalıq hám ruwxıy qádiriyatların, bálki onıń milliy ayriqshalıǵın da ańlatadı. Hár eki úrp-ádet de balanıń rawajlanıwda zárúrli rol oynab, onıń psixik, fizikalıq hám ruwxıy qáliplesiwine tásir kórsetedi. Besik háyyiwi, ana tárepinen balaǵa aytılatuǵın qosıq namalar bolıp tabıladı, olar tekǵana balanı tınıshlantırıw hám uyqlatıw, bálki ana miyiriminiń ańlatpası, bala hám ana arasındaǵı tereń emotsional baylanıstıń qáliplesiwi, xalıqtıń etikalıq qádiriyatları hám dúnyaǵa kóz qarasın balaǵa jetkiziw quralı bolıp tabıladı. Háyyiwler, óz mazmunı hám strukturasıdaǵı ápiwayı, bıraq tereń mánisler arqalı, balaǵa jaqsılıq hám jawızlıq, taqat hám miyir-muhabbat sıyaqlı insaniy pazıyletlerdi uyretedi.

Tisaw keser dástúri bolsa, balanıń dáslepki júriwinen keyin ótkeriletuǵın dástúriy dástúr bolıp, onıń socialliq ómirge kirip barıwı, ǵárezsiz hám óz kúshine tayanǵan halda jasawǵa qádem qoyıwı tımsalı retinde áhmiyetke iye boladı. Bul dástúrdiń búgingi kúnde saqlanıp qalıwı hám zamanagóy sharayatta ózgerip rawajlanıwı, xalıq dástúrleri hám mádeniyatınıń dawam etiw waqtını támiyinlewge xizmet etip atır. Dástúrdiń ótkeriliw forması hám tártibi azmaz ózgerip, ayırım jaǵdaylarda úlken bayramǵa aylanıwı múmkin, bıraq onıń ramziy hám diniy áhmiyeti hesh qashan kemeymegen. Dástúrdiń social tárepleri, balaǵa jáne onıń shańaraǵına beriletuǵın iygilikli tilekler hám bereketler, ulıwma, xalıqtıń birligin, birdemligin hám ruwxıy potencialın bekkemlewge xızmet etedi.

**PAYDALANILGAN ÁDEBIYATLAR:**

1. S.Qazaqbaev «Qaraqalpaq salt-dástúr jırları», Nókis «Qaraqalpaqstan» baspası 2012.4-5 bet
2. Ayımbetov Q «Xalıq danalıǵı», Nókis «Qaraqalpaqstan» baspası 1988. 492-bet
3. Qaraqalpaq folklorı, Tom 5. Nokis «Qaraqalpaqstan» baspası 1980, 259-260-bet
4. MaqsetovQ. Tájimuratov Á. Qaraqalpaq folklorı. Nókis «Qaraqalpaqstan» baspası, 1979. 82-bet
5. Qaraqalpaq folklori: Tiykarǵı túsinikler hám izertlew usılları.- Nókis, 2015.
6. Iskandarov, A. Qaraqalpaq xalqiniń dástúriy dástúrleri hám úrp-ádetleri.- Tashkent: Pán, 2017.
7. Mámleketov, N. Ózbek xalıqlarınıń mádeniy miyrasları : Etnografik analiz.- Samarqand, 2020.
8. Karimov, T. Mádeniyattanıw tiykarları : Ózbekstan xalıqları dástúrleri. – Tashkent: Oqıtıwshı, 2019.